



FLORIDA DEPARTMENT OF  
**EDUCATION**  
fldoe.org



# Konstwi Karyè, Yon Moun Alafwa

Re-adaptasyon Pwofesyonèl ede moun ki gen andikap yo jwenn yon travay ki enteresan.

## Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR)

VR se yon divizyon nan Depatman Edikasyon Florida a, misyon li se ede moun ki gen andikap, ki gen 14 lane epi ki pi gran yo, jwenn yon travay konpetitif epi ki entregre. Chak ane, nou ede plis pase 5,000 Rezidan Florida jwenn yon travay ki peye, sa ki pèmèt vin gen pi bon rezilta pou fanmi yo, kominote yo ak ekonomi Florida a.

Misyon nou se ede moun ki gen andikap yo jwenn, kenbe oswa pwogrese nan travay yo, epi amelyore endepandans yo. Nou vle tounen premye kote moun ki gen andikap yo ap vini lè yo ap chèche yon travay, epi nou vle vin yon bon resous pou patwon ki ap chèche anplwaye ki kalifye yo.

**VÈSYONAN  
KARAKTÈ KI  
GWO**

## **Fason VR Sèvi Moun ki Gen Andikap yo**

Nenpòt moun, kèlkeswa kalite andikap li genyen an, kapab jwenn oryantasyon pou VR epi pou li benefisye sèvis VR yo. Si yo jije yon moun kalifye, ajans nou an ap bay gid ak konsèy ki gen rapò ak travay epi andikap; ede kliyan yo idantifye objektif ak sèvis nan kesyon karyè; epi mete kliyan yo an kontak ak posibilite pou eksplorasyon travay ak plasman.

## **Fason VR Sèvi Antrepriz nan Florida yo**

Pwogram Relasyon Komèsyal VR la konstwi epi kenbe patenarya avèk antrepriz ak endistri yo pa mwayen yon seri sèvis efikas ki konble bezwen patwon yo. Reprezantan Relasyon Komèsyal yo pèsonalize sèvis pou patwon yo, yon fason pou ede patwon yo rekrite, anboche, fè pwomosyon epi kenbe moun kalifye ki gen andikap yo. Patenarya sa yo soutni efò antrepriz ki se kliyan yo ap fè pou entegre moun ki gen andikap yo, epi pou mennen nan yon seri travay konpetitif ki entegre, ansanm ak posibilite eksplorasyon karyè pou patisipan VR yo.

Pou aprann plis sou divizyon nou an ak sèvis nou kapab bay yo, tanpri ale sou sit entènèt nou an [Rehabworks.org](https://www.Rehabworks.org).

## **Konsènan Andikap nan Florida**

- 13.7% rezidan Florida yo gen yon andikap
- 20.4% rezidan Florida ki gen yon andikap yo gen yon travay, kont 63.0% rezidan Florida ki pa gen yon andikap
- Pousantaj travay selon estati andikap la
- Plis pase 500,000 rezidan Florida ki gen yon andikap kapab antre nan lavi aktif la, si yo jwenn edikasyon, fòmasyon ak sipò ki apwopriye a.

# Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850 - 245 - 3399  
800 - 451 - 4327

Servicios de retransmisión de  
video y retransmisión de Florida  
711 disponibles



[www.Rehabworks.org](http://www.Rehabworks.org)



Depatman Edikasyon Florida  
Divizyon Reyadaptasyon  
Pwofesyonèl  
Programas de Empleo  
325 W. Gaines St., Suite 1144  
Tallahassee, FL 32399-0400



Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.